

## Èske nenpòt moun k ap viv lakay ou ap resevwa nan moman an avantaj nan pwogram gouvènman ki endike anba yo?

Avantaj la	Deskripsyon
<b>TANF oswa asistans lajan kach</b> ( <i>TANF or cash assistance</i> )	Pwogram Asistans Pwovizwa pou Fanmi ki nan Nesesite (Temporary Assistance for Needy Families, TANF) bay peman lajan kach chak mwa pou fanmi ki gen timoun epi k ap viv avèk revni pi ba.
<b>Fanm, Bebe, ak Timoun (WIC)</b> ( <i>Women, Infants, and Children (WIC)</i> )	Pwogram Nitrisyon Sipleman Espesyal pou Fanm, Bebe ak Timoun (WIC) bay manje ki gen bon gou ak edikasyon nan domèn nitrisyon pou fanm ansent, fanm apre akouchman, ak fanm nouris, epi pou bebe ak timoun ki gen jiska laj 5 ane epi k ap viv avèk yon revni pi ba.
<b>Sekirite Sosyal</b> ( <i>Social Security</i> )	Sekirite Sosyal bay sipleman revni chak mwa pou moun ki retirete, moun k ap viv avèk yon andikap, sivivan travayè ki te mouri ak depandan benefisyè yo.
<b>Revni Sekirite Sipleman (SSI)</b> ( <i>Supplemental Security Income (SSI)</i> )	Revni Sekirite Sipleman (SSI) bay revni chak mwa pou moun k ap viv avèk revni bas epi ki gen laj 65 ane, ki avèg oswa andikape.
<b>Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap (SSDI) oswa peman akòz andikap</b> ( <i>Social Security Disability Insurance (SSDI) or disability payments</i> )	Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap (SSDI oswa SSD) se yon pwogram asirans gouvènman ki bay revni chak mwa pou travayè k ap viv avèk yon andikap ak fanmi yo.
<b>Medicare</b>	Medicare se pwogram asirans sante gouvènman pou moun ki gen laj 65 ane oswa plis, sèten jèn moun k ap viv avèk andikap, ak moun ki gen Maladi Ren ki nan Dènye Etap (ensifizans renal pèmanan ki bezwen dyaliz oswa yon grèf, pafwa ki rele ESRD).
<b>Medicaid</b>	Medicaid se pwogram asirans sante piblik nasyon an pou moun k ap viv avèk yon revni pi ba.
<b>Children's Health Insurance Program (CHIP)</b> ( <i>Children's Health Insurance Program (CHIP)</i> )	The Children's Health Insurance Program (CHIP) se yon pwogram asirans gouvènman ki bay pwoteksyon sante pou pri ki ba pou timoun nan fanmi ki touche twòp lajan pou yo kalifye pou Medicaid men ki pa ase pou yo achte asirans prive. Nan kèk eta, chip KOUVRI FANM ANSENT YO.
<b>Manje gratis/pou pri redwi nan lekòl</b> ( <i>Free/reduced price school meals</i> )	Pwogram Nasyonal Kolasyon nan Lekòl (National School Lunch Program, NSLP) ak Pwogram Nasyonal Dejene nan Lekòl (National School Breakfast Program, SBP) bay manje ki balanse sou plan nitrisyon pou timoun kalifye chak jou lekòl.
<b>Kredi Taks sou Revni Pwofesyonèl (EITC) oswa lòt kredi taks ki ranbousab</b> ( <i>Earned Income Tax Credit (EITC) or other refundable tax credits</i> )	Kredi Taks sou Revni Pwofesyonèl (EITC) se yon kredi taks fanmi yo k ap viv avèk yon revni pi ba resevwa lè yo ranpli fòm deklarasyon taks federal yo.
<b>Pwogram Asistans pou Enèji pou Fanmi ki gen Revni Ba (LIHEAP)</b> ( <i>Low Income Home Energy Assistance Program (LIHEAP)</i> )	Pwogram Asistans pou Enèji pou Fanmi ki Touche Revni BA (LIHEAP) ede fanmi yo k ap viv avèk yon revni ba anpil epi ki gen bòdwo enèji yo pou peye pou chofaj ak refwadisman.
<b>Chomaj</b> ( <i>Unemployment</i> )	Asirans pou Chomaj (UI), ki rele avantaj pou chomaj, se yon kalite asirans leta bay ki peye lajan ba moun chak semèn lè moun yo pèdi djòb san se pa fòt yo.
<b>Konpansasyon Travayè</b> ( <i>Worker's Compensation</i> )	Konpansasyon Travayè bay avantaj medikal ak revni pou moun ki pran chòk oswa k ap viv avèk yon maladi akòz travay.
<b>Sibvansyon pou lojman</b> ( <i>Housing subsidies</i> )	Sibvansyon pou lojman ki rele kupon pou chwazi lojman ede fanmi yo k ap viv sou revni ba, granmoun aje yo, ak moun k ap viv avèk yon andikap pou yo gen mwayen pou peye lajan pou lojman ki rezonab, pwoteje, ak sanitè.
<b>Asistans pou Veteran</b> ( <i>Veteran's Assistance</i> )	Avantaj asistans pou Veteran ede Veteran yo ak fanmi yo achte kay, vin gen degre, kòmanse karyè, rete an sante, ak plis.
<b>Pwogram Alimantè Sipleman Debaz</b> ( <i>Commodity Supplemental Food Program</i> )	Pwogram Alimantè Sipleman Debaz (CSFP) travay pou amelyore sante moun ki touche revni ba ki gen omwen laj 60 ane. Pou fè sa, pwogram nan bay sipleman nan rejim alimantè moun sa yo avèk manje USDA ki gen bon gou.

Nou poze ou kesyon konsènan lòt pwogram gouvènman pou ede nou konprann ki moun ki ka kalifye pou sèten pwogram pou ede fasilite yo patisipe nan resous sa yo si li posib